



Inivèsite Vodou Ayisyen
INIVA

INIVESITE VODOU AYISYEN INIVA

Rte Bassin, Morne Blanc Gonaives, Artibonite Haiti
Tel 509 3770 8374 – email admin@vodouedu.org

Premye degré pou w rive genyen nan lavi espirityèl,

se apran n konnen tèt ou. Rive konnen ak konpran n

ki moun ke w ye ak kote w soti,

ki fòs ki menne n w la a e poukisa.

Pou w ka konpran n tèt ou fok ou konpran orijin ou, sou plan espirityèl.

Nap koumanse ak premye kestyón a : Ki moun ke w ye ?

Lè w sòti nan vant manman w - ou pa ni Vodouyzan, ni Katolik - ni Pwotestan - Ni Mizilman - ni Ehdouism, ou poko genyen oken konsèp relije ak doktrin nan tèt w.

Ou se yon Nanm nan yon kò fizik !

Ou pa yon kò fizik ki genyen yon nan m .

Se premye verite inivèsèl ou dwe chèche aprofondi - paseke se a pati de la tout konsèp ka[ab pran plas yo pou wou.

Ou se yon Nanm imòtèl, ki genyen yon lib abit ou fwa ke w *enkane sou la tè a*. Se lib abit sila a ki diskenge w ak yon animal pa ekzanp. Animal la, pafè (parfait-perfect) tandiske ou, kòm nanm ak yon lib abit, yon konsyans, ou toujou genyen yon chwa. Toujou genyen nuans nan pèsepsyon w ou toujou douvan yon chwa paseke mond la "binaire" Sila vle di swa 1 wi ouswa non, li dwat ouswa 1 gòch, devan - dèyè, vre ouswa fo, 0 - 1. Verite absoli sila a, se prensip Marassaa nan Vodou, ke nap pral wè nan tout dimansyon 1 pi douvan nan Etid Vodou Ayisyen an.

Se pou sa nan lòt reliyion, yo pale de karma - Tout chwa genyen konsekans yo... chak chwa mennen nan yon chimen. Jodi, ou menm nanm nan yon kò, Si w fet an Ayiti. se pou rezon ... se karma w ke wap vivi. Nanm la se sòm total tout sa li veki depi ke 1 se yon nanm.

Nanm la vini sou late se pou rezon, swa 1 vini pou la premyè fwa, swa lap retounen pou rezon tout aksyon, veki 1 pase yo... Mond la binaire, sila vle di ke w dendwa tounen viv yon vi ke te totalman pa sa wap viv jodiya.

Anvan nan m la retounen ouswa vini sou latè pou la premyè fwa, li genyen youn, ouswa pliyè lòt nan m ak ki li genyen atach. ki pou asiste l viv gran chimen lavi sou tè a,

Nan m sila yo ak ki w geyen atach espirityèl ak OU ... NAP RELE YO ... LWA NESANS ...
nan lòt kote sou la tè a, yo rele gwoup nan m sila yo ki ap mache ave w sou tè a yo rele yo **GID ESPIRITYÈL - Anj Gadyen ...**

Nan domèn la syans. rele prensip sila, "Le moi intérieur - Inner Soul".

Lwa nesans ou la pou kapab ede w akonpli misyon w sou latè. se li ki konnen pouki sa w sou latè, ki sa w vini akonpli. **Pi douvan nan fen semèn la, nou pwal apran n teknik komuniké youn ak youn ak Lwa Nesans ou.**

Pou nou tounen sou konsep Nan m la ...

Paseke nan m la genyen yon lib abit, li genyen chwa, li genyen opsyon ... li chwazi

- nan ki peyi pou l enkane,
- li chwazi sèks li,
- manman l li chwazi papa l ... ki jeneralman kenyen yon karma ak papa manman ki pèmèt li enkane sou latè,

Sila a se 2zyèm verite inivèsèl. Se yon evolisyon li ye pou nan m la pou l enkane sou latè a.

Pandan w sou la tè a ou pral devlope 2 nati.

- Yon nati sansib -
- yon nati entelektyèl

Lèw soti nan vant manman w se nati sansib la ki ekziste. nati entelektèl la pokò devlope.

Lè w soti nan vant manman w se vibrasyon ke w kapte ki pèmèt ou viv nan amoni ak environman w.

Se vibrasyon yo ke w kapte ante zero a 7 premye lane yo, ki ede w devlope reaksyon w pou plisyè prensip ak konsep ...

Wap toujou kakpab distenge eneji ki agresif ak eneji ki mennen amoni, lanmou, pasyans, kolè, rayisab ...

tout enèji sila yo ou kapte yo, ou viv yo depi andan vant manman w.

Nan m la pandan li sou latè a li evolye pa sikle ("Cycle") - Li jeneralman pran nan m plizyè sikle 7 lane evolisyon l sou latè.

Nan lesion kap swiv la, nou pral devlope konsèp 2 nati ke lòm devlope pandan lap grandi sou latè a. Nou pral konpran n kouman 2 nati sila yo evolyè pa sikel 7 lane.